

# KISA MÒBIDITE MATÈNÈL GRAV YE?

**C**hak ane apeprè 3,000 fanm nan Vil New York (New York City, NYC) mouri oswa prèske mouri nan konplikasyon akouchman grav. Yo rele konplikasyon sa yo mòbidite matènèl grav (severe maternal morbidity, SMM) epi sa gen ladan lè y ap bay anpil san, lè yo gen boul san, gwo enfeksyon, ak ren ki bloke. Fanm nwa yo gen twa (3) fwa plis chans pou yo gen SMM pase fanm blanch yo. Vil la pran angajman pou elimine diferans rasyal nan SMM ak diminye globalman kantite konplikasyon ak lanmò ki genyen pandan akouchman.

"Lè yon moun ap akouche, sa ta dwe yon bèl moman pou tout fanmi, epi nou pa aksepte pou [nou] gen tout manman nwa sa yo k ap mouri poutèt konplikasyon pandan akouchman."

DOKTÈ HERMINIA PALACIO  
MAJISTRA ADJWEN POU SÈVIS SANTE AK SÈVIS SOSYAL



# KISA DEPATMAN SANTE VIL NEW YORK AP FÈ POU EDE DIMINYE MÒBIDITE MATÈNÈL GRAV.

## Rezo Amelyorasyon Kalite Lopital Matènite

Depatman Sante travay ak lopital toupatou nan vil la pou kolekte enfòmasyon sou eksperyans fanm ak SMM pou amelyore fòmasyon klinisyen ak kalite swen yo. Inisyativ sa a, ki rele Rezo Amelyorasyon Kalite Lopital Matènite, òganize fòmasyon pou founisè ki bay swen ki respekte tout fanm nan Vil New York, sitou fanm ki pa blanch yo. Swen ki montre respè vle di pataje enfòmasyon ak pasyan an konsènan dwa pasyan an ak pibon praktik yo avan, pandan, ak apre akouchman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou swen ki montre respè, ale sou [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche jistis seksyèl ak repwodiktiv (**sexual and reproductive justice, SRJ**).

## Koneksyon pou Swen Matènèl

Depatman Sante te lanse pwogram Koneksyon pou Swen Matènèl pou amelyore swen pou akouchman ak swen prensipal nan Central Brooklyn. Pwogram lan gen objektif tou pou edike kominote an sou fason pou bay swen ki montre respè.

## KI SA OUKA FÈ POU EDE DIMINYE SMM

- Ankouraje lopital lokal ou a pou patisipe nan Rezo Amelyorasyon Kalite Lopital Matènite a.
- Jwenn enfòmasyon sou Defandè Jistis nan Akouchman yo - rezidan lokal ki pwomouvwa swen ki montre respè pandan akouchman. Pou jwenn plis enfòmasyon, voye yon imèl bay [BirthJustice@health.nyc.gov](mailto:BirthJustice@health.nyc.gov).
- Ankouraje lejislasyon lokal ou an pou li ankouraje sante matènèl ak sante tout fanmi a.
- Si w ansent, poze pwofesyonèl swen sante ou kesyon sou pwoblèm ki gen souvan pandan gwosès ak akouchman. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health), chèche **SRJ** epi telechaje "NYC Standards for Respectful Care at Birth" (Nòm Vil New York pou Swen ki Montre Respè Pandan Akouchman). Feyè sa a ka ede ou pale ak pwofesyonèl swen medikal ou sou swen ou ta dwe resevwa anvan, pandan ak apre akouchman.
- Enskri nan asirans medikal gratis oswa bon mache pandan gwosès: Rele **311**, oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche **asirans sante**.

## Sèvis ak Resous pou Sipòte yon Gwosès Ansante

Sèvis ak resous sa yo gratis pou moun ki kalifye, kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon:

- Nurse-Family Partnership (Patenarya Enfimyè-Fanmi)
- Pwogram pou Vizit nan Kay Tibebe ki Fèk Fèt (Newborn Home Visiting Program)
- Healthy Start Brooklyn
- Klas pou byennèt fanmi nan Sant Aksyon pou Sante nan Katye (Neighborhood Health Action Centers) Depatman Sante a

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche **pregnancy resources** (resous pou gwosès).